

Mengeti 100 Dinane Marsinah

"AKU KANG NERUSAKE PERJUANGANMU MAR!"

ORA sethithik kang padha getun sawise "Pameran Seni Rupa untuh Marsinah" — kanggo mengeti 100 dina gugure



Marsinah, buruh pabrik ing Sidoarjo — "Dibatalake" dening pihak kang wajib. Rupa rupa komen tare para

tokoh seniman gegayutan karo sikap tegese aparat keamanan kang nutup arena pameran ing galeri Dewan Kesenian Surabaya (DKS). Ana kang ngarani, nggagalake pameran seni padha karo ngebiri kreatifitas seniman. Gegayutan karo masalah mau Kapolda Jatim Mayjen Pol. Des. Enom Rival Arganata mung dhawuh ringkes: "Wajar yen kegiatan ora ana idine, ditutup!" Iki kang gawe gelane kaum seniman. Wiwit biyen, saben ngadani pameran (lan kegiatan apa wae kang gegayutan karo seni) ing DKS ora nate ana

idine. Lha kok salki ngowah-owahi adat, kudu idin mangg polisi barang. Ana apa?

Moelyono, staf pengajar STKW kang ngrancang pameran kasebut kandha gela banget. Iku kegiatan seni, ora ana apa-apane. Maksud ora ana tujuan tinamung kanggo nguthik-uthik wibawane kang wajib. Murni pameran seni rupa. Ora ana unsur-unsur liya, upama ditunggangi kanggo kepentingan — politis.

Mang, pihak kang wajib sajaké darbe petung liya. Apa maneh pameran kasebut digandhengake karo kasus tiwase Marsinah kang engga seprene durung ketemu sapa kang merjaya!

Wanita buruh pabrik komponen jam kasebut tiwase ing Kec. Wilangan, Kab. Nganjuk, 200 km saka papan nyambutgawene, Sidoarjo. Kenya manis asal Desa Ngundon, Kec. Sukomoro, Kab. Nganjuk mau liang sawise mimpin unjukrasa nuntut undh-undhakan upah ing pabrik PT Catur Putra Surya, CPS, Porong. Miturut sawe-

nehing sumber, Marsinah liang sawise nekani undhangane Kodim kang nedya ngngahi bengkrak antarane buruh lan majikaniku. Dehule let rong dina, Marsinah ketemu wis tiwas (Kasus JB no 45, tgl 11 Juli 1993). Kontan, tiwase Marsinah mau dening sawetara LSM (Lembaga Swadaya Masyarakat) lan LBI Jakarta digandheng cengengake karo masalah perburuhan. Mula ora aneh, tiwase Marsinah ngundang simpatine jagad nganti kasuse dibahas

Marsinah



Foto Dokumentasi Kewanara



Foto Kamuli Wikanara

Patungo Marsinah ing pameran seni

lembaga hak azasi manusia ing Wina. Tokoh pejuang nasional, Cak Roesan Abdulgani melu duwe pengajab murih kasus kasebut ora dipethi cahon. Luwih keras maneh Cak Roes nuding: kita iki dudu bangsa pengecut. Mosok arup negakake patine buruh wanita kang mesthine kudu kita ayomi?

KSUM (Komite Solidaritas Untuk Marsinah) nelakake be-la sethith kanthi ngadani acara nyekar (tabur bunga) ing papan kubure Marsinah kanthi maca puisi. "Adu, Marsinah, Teruslan Perjuanganmu . . . Lan dirung suwe iki, tgl 12-16 Agustus 1993

Kanca-kancane Marsinah kang mrihatineke gene engga saprene kok atojone durung ketemu?



Foto Dokumentasi Surya



Damen dibantali, dadi patung kang cukup kanggo ngangkat kasus Marnisah.

KSUM nyambutgawe bareng maneh karo Yayasan Seni Rupa Komunitas (YSRK) ngadani pameran seni kanggo Marnisah. Mung pameran mau durung nganti kelakon dibukak, dening aparat kang wajib dibatalake.

NGGAMBARAKE TIWASE MARSINAH?

Ing ruang pameran kang jembare 9 X 25 meter, patung Marnisah dipajang. Ing saklawa tengene kono dipasang patung-petung saka damen (dienta buruh) kang pinuju demonstrasi kanthi ngelajar spanduk ireng. Liyane, awujud "soso" Marnisah kang dipangut senar ing sandhuwure glondhongan kayu jati. Ing sacedhake, ana *ulawu* (kanggo mbesang iwak). Persis ing satengah-tengah ruangan ana pepethan buruh (bocah 13) saka damen kang lagi nggambarake swasana rundingan ngadhup meja. Meja ireng kasebut kang siji dipasang kuwalik. Kanggo ngubengi meja dipajang lembaran ornamen saka gis kanthi tulisan: *inggih... inggihhh* lan profile Marnisah nganggo kaca mripat. Ing samubarane patung profil iku ana gambar pepethan kepulan tangan, pepethan buruh kang nembe mangan, nyambutgawe, unjukrasa, lan swasana kerja pabrik kanthi ditulisi: *Buruh Upah!*

Ing langit-langit dipajang gulungan kain ireng saka wetan nganti kulon. Iku nuduh

ake swasana *daha*. Diarani pameran seni rupa tiga demensi (kang wektu iki populer) merga iku Seni Rupa Instalasi, kanggo nggugah simpati!

Sananjoli polisi wis nglarang pameran kasebut, ning ora dibongkar. Dadi, tumrap kang kenging weruh iya kena-kena wae mlebu.

DURUNG KETEMU:

PANGDAM V/Brawijaya, Mayjen TNI Haris Sudarno diawuh, ora arep ngayomi sapa wae kang kabulken merjaya Marnisah. Ora pambuang bulu. Upama ing kasus tiwase Marnisah kasebut ana okoum ABRI-ne kang kesangkut, iya arep diproses liwat jalur hukum kaya apa mesthina. Mung nganti wektu iki sapa kang merjaya Marnisah durung ana sisik melike. Pihak aparat keamanan lan

polisi isih nansah mbudidaya inlayak wewadi mau.

Kapolda Jatim nerangake, kasus Marnisah murni kriminal. Dadi ora ana unsur liya kang nyebabake buruh pabrik iki kudu tiwas. Kanggo nuding sapa pelakune pancen isih angel, ning pihak polisi terus mbudidaya bisane nyekel pelakune. Kapan? Durung cetha. Nguber kasus kriminal iku ora ana mangsa kadaluwarsane. Nalika numpa tekane lamu kang ora diundang, yaitu: rombongan para mahasiswa kang njaluk keterangan bab tiwase Marnisah ing Mapolda, Kapolda Jatim kanthi: pelakune terus diburu.

Ana sawenehing mahasiswa kang takon: *kaku tidah hetemu, polisi apa tidah malu?* Wangsulane Kapolda: *malu piye? Polisi rak terus berjujag nggoleki. Nganti 40 taun lawase iya tetep nedya diuber?*

BAB VISUM:

Jenasah Marnisah wis di-visum RSU Nganjuk tgl 10 Juni 1993. Nanging engga seprene durung cetha, apa kang nyebabake buruh pabrik mau nganti tiwas? Iki uga isih dadi ganjalan. Visum dokter mung nerangake kondhisi fisike kurban. Ora nganti *nyimpulake* bab-bab kang njalari kurban mati. Saka asil panalitine dokter, awake Marnisah wutuh. Kang ngalami tatu abot, yaitu alat vital kurban rusak berat

nganti "*rongga perut*". Dinuga kurban tiwas kento-kan getih.

Miturut kesaksiane kang nemu, kurban ditemu ing kahanan awake lemes, durung mambu. Kanggo neuntokake sebab kang njalari matine kurban dudu pakaryan kang gampang. Yaiku kudu diadani bedhah mayat (otopsi).

Kabare wis nate ana usulan saka sawenehing tim penyidik supaya jenasah Marnisah dikirim menyang RSUD Dokter Soetomo, Surabaya kanggo diotopsi. Awit mung Surabaya kang bisa nindakake bedhah mayat. RSU Nganjuk mung nindakake visum standar awit ora nduweni ahli forensik (kedokteran kehakiman). Kanggo ngungkap misteri tiwase Marnisah ora ana datan liya kajaba mayite Marnisah kudu diotopsi lan dibongkar maneh kubure. Ning kang bisa duwe panjaluk kaya mangkono mau mung penyidik. Lha yen penyidike ora njaluk, iya ora bisa kaleksanan.

UKUM KARMA:

Marnisah wiwit cilikane wis ditinggal mati byutene. Gedhene melu simbahe. Wong turwane lanang, yaitu Mastin wis kawin maneh karo Sarini kang kepetung isih familiane. Ibune Marnisah, yaitu Ny. Samini wis suwe tinggal donya nalikane Marnisah isih cilik.

Sawetara wektu kepungkur JB merlokake menyang Desa Ngundo, Kec. Sukomoro, Nganjuk saperlu nemoni bapak Marnisah.

Nalika ditakonni JB bab tiwase anak, kalawan polat an sedhik Mastin mung wangsulan cerkak aos: "Yen ing ndonya niki enten *ukum karma*. Kula percaos ukum karma taksih lumadi! Sinten sing *utang* bakale *nyaur*, nggawa mbalekake, nyilih ngulhake, nandur bakale nggundhu, nduwe bakale nggango... Pun ngeten mawon!"

(Kicuk Parta)



Mastin lan Ny. Sarini, bapak lan ibu kuwalone Marnisah.